


RETE AN SEKIRITE.

KONNEN KISA KI PASE.

SA TOUT CHOFÈ
BEZWEN KONNEN SOU
KWAZMAN RAY TREN



RESPEKTE TOUT

KALITE AVÈTISMAN

KI NAN KWAZMAN

POU RAY TREN YO

KONNEN

KISA KI

PASE:

NAN ETAZINI, GEN YON
TREN KI FRAPE YON
MOUN OSWA YON OTO
CHAK 3 ÈDTAN.

TREN YO FÈ MWENS BWI
EPI YO PI RAPID PASE
SA OU KWÈ - SE TREN
SÈLMAN KI DWE KOURI
SOU RAY YO.

YON TREN MACHANDIZ
MWAYEN K AP KOURI
NAN YON VITÈS 55 MIL
ALÈ KAPAB PRAN YON
MIL OUBYEN PLIS POU LI
RETE - KIDONK LONGÈ 18
TEREN FOUTBÒL.

ÈSKE OU WÈ RAY?
SONJE TREN!



PRAN DESIZYON POU SEKIRITE



JANBE LEGALMAN AK AN SEKIRITE

Sèl kote ki legal ak an sekirite pou nennpòt moun janbe yon ray tren, se nan kote yo make pou moun janbe.

Toujou respekte avètisman ak siyal pou danje yo. Toujou gade si gen yon tren k ap vini, anvan ou kontinye.



FÈ YON JAN POU OU PA BLOKE


Anvan ou travèse, veye byen pou gen ase plas sou lòt bò a pou ou fin janbe ray yo nèt. Lajè tren yo depase ray yo.

Lè w ap kondwi, kite omwen 15 pye distans ant devan ak dèyè veyikil ou a avèk ray ki pi pre a. Pa sèvi avèk levye chanjman vitès la pandan w ap janbe yon ray.



KANPE TANN, GADE NAN TOUDE DIREKSYON

Toujou sonje kapab gen yon tren k ap vini. Tren yo kapab pi pre, epi yo kapab ap kouri pi vit pase sa yo parèt, epi yo kapab kouri sou nennpòt ray nennpòt kilè. Lè gen plizyè ray, sa kapab vle di plizyè tren. **Gade byen si ou ka wè akèl jouk nan fen ray yo nan toude direksyon, anvan ou kontinye.** PA JANM travèse pandan limyè yo ap mouri ak limen, oubyen lè baryè a bese. Pa janm eseye kouri pase devan yon tren.



SÒTI! RETE LWEN! GADE KOTE SIYAL BLE AK BLAN AN YE

Si veyikil ou kole oswa bloke nan yon kwazman, fè tout moun soti ak rete lwen touswit, menm si ou pa wè yon tren. Rele nimewo ki sou Sistèm Notifikasyon Ijans Ble ak Blan an (ENS, ki vle di "Emergency Notification System"), epi bay estandadis la nimewo idantifikasyon (ID) pou kwazman an. Ou pa wè okenn afich? Rele 911.

KONNEN AFICH AK SIYAL YO

PLIZYÈ RAY TREN

Lè gen plizyè ray tren. Lè gen plizyè ray, sa kapab vle di gen plizyè tren. Gade byen si ou ka wè aklè jouk nan fen ray yo nan toude direksyon, anvan ou kontinye.

BESE BARYÈ, AK LIMYÈ WOJ K AP MOURI AK LIMEN

Gen yon tren k ap pwoche (menm si ou pako wè li). Pa kontinye jouktan limyè yo etenn epi baryè a monte. Li ilegal epi sa gen danje, si ou pase sou kote baryè ki bese.

PASAJ A NIVO

RETE TANN si gen yon tren k ap pwoche. Tren yo toujou gen dwa pasaj.

LIMYÈ WOJ K AP MOURI AK LIMEN

RETE KANPE pandan limyè a ap mouri ak limen. PA kontinye jouktan limyè a sispann mouri ak limen. Si limyè a kòmanse mouri ak limen pandan ou deja kòmanse janbe ray tren an, kontinye pase.




SISTÈM NOTIFIKASYON IJANS (ENS KI VLE DI "EMERGENCY NOTIFICATION SYSTEM")

Sa a, se premye nimewo telefòn ou dwe rele si gen yon veyikil ki bloke oubyen ki pran pàn sou ray yo. REMAK: Chak afich avètisman gen yon nimewo ID pou pozisyon li, ak yon nimewo telefòn ki diferan.

Sèvi avèk ENS la tou pou fè rapò si gen moun, veyikil, oswa debri sou ray yo, oubyen si gen afich oswa siyal avètisman ki domaje, oswa kote moun pa kapab wè.

SIYAL KI TRASE ATÈ

RxR ansanm ak yon liy blan laj ki trase sou wout la vle di ou pral rive nan yon kwazman ray tren. Rete dèyè liy blan ki montre kote pou kanpe a, pandan w ap tann trenn an pase. Pa gen liy ki montre kote pou kanpe? Rete omwen nan yon distans 15 pye avèk ray ki pi pre a.



POU VEYIKIL KI BA JANBE NAN YON KWAZMAN

Kwazman ki monte wo pi devan an. Si w ap kondwi nempòt veyikil ki ba - tankou yon platfòm ba, yon otobis, yon kamyon, yon oto pou espò, oswa yon trelè - gen danje pou veyikil la rete bloke sou ray yo. Pa kontinye jouktan ou sèten veyikil la pral kapab janbe anlè ray yo.

AVÈTISMAN DAVANS

Ralanti, gade, koute, epi pare pou ou rete. Anjeneral, se premye avètisman ou wè, lè ou pral rive pre yon kwazman pou ray tren.



ENFÒMASYON SOU OPERATION LIFESAVER:

OPERATION LIFESAVER SE YON MISYON POU EDIKASYON SOU PREKOSYON AVÈK RAY TREN, KI RESEVWA SIPÒ NAN MEN MOUN KI DEVWE. OBJEKTIF NOU, SE POU FINI AVÈK KOLIZYON, LANMÒ, AK AKSIDAN SOU AK TOUPRE LIY AK RAY POU TREN.

- **Prezantasyon vityèl ak an pèsonn gratis** nan tout Etazini.
- **Pwogram leson anliy (eLearning)** pou chofè pwofesyonèl, ak sekouris, ak chofè otobis lekòl.
- **Ale nan adrès oli.org** pou pran randevou pou yon prezantasyon, oswa pou jwenn materyèl sou sekirite, oswa pou ou enskri kòm volontè ak divilge kanpay enfòmasyon piblik, oswa videyo, oswa lòt bagay ankò.

EDE FINI AVÈK TRAJEDI SOU RAY TREN

Konnen kisa ki pase.

Pran bon desizyon.

Pataje mesaj la.

OLI.ORG

SWIV NOU SOU REZO SOSYAL

(800) 537-6224



**OPERATION
LIFESAVER®**

Rail Safety Education



**Massachusetts Bay
Transportation Authority**

Edikasyon sou Prekosyon avèk Ray Tren

Copyright © 2021 Operation Lifesaver, Inc. Tout dwa rezève.